



Patricia

Vendredi 31 me, Koudèkont pibliye [dezyèm pati rapò sou itilizasyon lajan PetroCaribe a](#). Moman sa se yon moman enpòtan nan batay n ap mennen pou fini ak koripsyon ak enpinite nan peyi a.

Ak dezyèm rapò sa, Koudèkont rive kouvri 77% nan pwojè #KotKòbPetroCaribeA, nan 612 paj. Nou envite w pran ti tan li l. Si w prese, men yon [yon thread @laloidemabouche sou Twitter ki rezime rapò a an kreyòl](#). Ou ka suiv tou tweet @jeffsky_poincy yo sou Rapò PetroCaribe A. Men tout jan, si Twitter ka ede w konprann sa k nan rapò a epi ede pawòl la pale, anyen p ap ranplase lekti rapò a pou tèt pa w, menm si w li kèk paj pa jou, li l epi pataje sa w aprann pou lòt yo ka konprann pouki nou bezwen #PwosèPetroCaribeA pou n konstwi #AyitiNouVleA.



Nan lèt espesyal sa w ap jwenn enfòmasyon sou:

- Mesaj prensipal pou nou fè pase
- Rezime mesaj pou rezo sosyal
- Imaj pou itilize sou rezo sosyal
- Yon eskrip pou n rele nan radyo zòn lakay nou
- Achtag ofisyèl yo

- Lis aksyon nou ka pran
- Lyen pou pataje sijesyon sou lòt aksyon ki ta dwe pran

Mesaj prensipal

Kòmanse #PwosèPetroCaribeA kont koripsyon pou make premye pa nou nan batay kont enpinite nan peyi a pou n ka fini ak enjistis ki ankouraje ensekirite, lamizè, grangou, ak tout kalite krim. Mare kriminèl yo, mete yon nan prizon, pou trase yon egzanp, pou vòlè Lajan Leta pa yon karyè ki akspetab ankò.

Mesaj pou aksyon

Itilize mesaj sa yo pou poste sou rezo sosyal, nan imel, nan telefòn, nan rele radyo oubyen nan pale ak otorite yo.

- Mande ankèt sou moun ak enstitisyon ki endekse nan rapò odit la.
- Mande pou aksyon piblik mete an mouvman kont Agritrans, Betex ak responsab li yo.
- Raple Koudèkont, pou rapò sou arè debè ak dechaj la, gen posibilite pou l deklare kèk moun kòm comptable de fait si yo te jere lajan PetroCaribe a dirèkteman, sa vle di yon ansyen Prezidan tou. Envite KoudèKont oryante rès travay li a nan sans sa, pou n ka idantifye tout koupab yo.
- Mande pou dokiman ki pèmèt ekri rapò a piblik. Sa ap ede n ak #OditKolektif la.
- Ensiste pou tout enstitisyon konsène yo, ULCC, UCREF, Pakè ... lanse ankèt yo tousuit epi kenbe n enfòmè.
- Rekonèt travay ki fèt la se yon bon kòmansman e nou gen pou misyon fè l kontinye.
- Pale dirèkteman ak moun ki responsab yo, moun ki ka pran desizyon yo pou yo fè #PwosèPetroCaribeA, pou koupab yo arete, pou koupab yo jije,

pou lajan an remèt.

Poze aksyon

Ou fin li rapò a? Kouneya se lè pou pataje sa k ladan ak lòt moun ki pa li l yo.

Pou sa w ap bezwen :

- **Byen etidye rapò a.** Moun bay sa yo genyen. Pou w pale de rapò a, fòk ou konn sa k nan rapò a. Chak jou @ayitinouvlea ap pibliye nouvo detay sou rapò a, ou ka itilize yo pou kòmanse pataje pawòl la.
- **Pataje rapò a tout kote w pase.** Moun pi fasil koute pawòl nan bouch moun yo konnen. Alòs pale ak moun nan Legliz ou, nan Lekòl ou, sou katye w. Moun ki konnen w, ki fè w konfyans, ki pare pou aprann nan men w.
- **Pataje enfòmasyon sou rapò.** Pandan semèn sa yo atik, videyo, afich elt ap sòti sou rapò a, asire w yon gen bon kalte enfòmasyon epi pataje. Plis enfòmasyon sou rapò a pataje plis l ap bon.
- **Anvayi estasyon radyo yo.** Sitou radyo kominotè. Radyo se medya ki pli koute nan peyi a. Si w gen posibilite a, lanse yon emisyon sou Petrocaribe nan radyo bò lakay ou kote n ka pale de sa ki pase a.
- **Fè yon videyo.** Ayiti Nou Vle A ap chèche moun ki vle fè videyo pou mobilize tout sektè sosyete a. Si w enterese, viye yon imel nan ayitinouvlea@gmail.com.
- **Fè yon miting/òganize yon mach.** ANVA gen [yon flayè sou òganizasyon mach](#), itilize l pou w ka òganize yon rankont piblik nan kominote w pou pale sou #PwosèPetroCaribeA.

Nou ankouraje w itilize tout mwayen pou pale sou rapò PetroCaribe a. Gade nan rapò a sa ki gen rapò ak gwoup moun ou sible a, epi pale ak yo. Nou ankouraje w tou rele nan radyo, enfòm popilasyon an. Si w pa konn sa pou w

di, suiv kont @ayitinouvlea yo, n ap poste nouvo enfòmasyon sou yo chak jou.
Si w gen sijesyon w ta vle kite sou aksyon ki ka fèt pou ede n #MareYo, [klike sou lyen sa](#).

Bon dimanch

#AyitiNouVleA se ansanm n ap konstwi l

Ayiti Nou Vle A

<http://www.ayitinouvlea.org/>

Ayiti Nou Vle A · 1 rue Viala, Delmas 33, Delmas, Ouest Department HT6120, Haïti
Nou voye imel sa bay patricia.camilien@gmail.com. Pou w pa resevwa imel ankò, klike la.
Ou ka rete okouran tou avèk Ayiti Nou Vle A sou Twitter oubyen Facebook.

#AyitiNouVleA [se ansanm](#) n ap konstwi l.